

KI SA KI CHANJE AK CHAJ PIBLIK LA?

Septanm 2026

Administrasyon Trump la mete fen nan pwoteksyon kont prejije ak diskriminasyon nan aplikasyon pou kat vèt, apati 18 septanm 2026. Aprann kijan chaj piblik la ap chanje.

	Règ 2022 la	Règleman an ap kòmanse 18 septanm 2026
Pou ki moun chaj piblik la aplike Etazini?	Moun k ap aplike pou kat vèt ki baze sou fanmi, oubyen moun ki gen kat vèt ki kite peyi a pou plis pase 6 mwa.	<u>Pa gen chanjman</u> . Moun k ap aplike pou kat vèt ki baze sou fanmi, oubyen moun ki gen kat vèt ki kite peyi a pou plis pase 6 mwa.
Ki pwogram y ap konsidere?	Èd lajan <u>kach federal oswa</u> leta pou kenbe revni ak entèneman <u>nan yon enstitisyon alontèm</u> sou depans gouvènman an	Apati 18 septanm 2026, ajan imigrasyon yo p ap gen <u>restriksyon epi yo ka konsidere plizyè kalite benefis</u>
Èske yo konsidere itilizasyon pwogram sekirite sosyal nan tan lontan?	Wi. Se sèlman de benefis ki nan lis anwo yo	<u>Wi</u> . Nouvo règleman an pèmèt DHS konsidere de kalite benefis ki te itilize anvan 18 septanm 2026 la, ak itilizasyon lòt pwogram sekirite sosyal apre dat sa a.
Èske yo konsidere lè yon manm fanmi itilize pwogram yo?	Non.	<u>Petèt</u> . Ofisyèl yo ka gade si yon depandan itilize benefis, men enfòmasyon sa yo pa kolekte sou fòm aplikasyon an. Yo ka itilize enfòmasyon sa a kòm yon endis sou revni ak sitiyasyon finansyèl aplikan an.
Èske yo konsidere yon afidavit sipò?	Wi. Li obligatwa pou imigran ki resevwa patwone. Kandida ki gen yon moun ki parenn yo gen plis chans pou yo "reyisi" tès chay piblik la.	<u>Wi</u> . Li obligatwa pou imigran patwone yo, men ofisye imigrasyon ka deside si yo pral trete li kòm yon faktè pozitif. Moun ki repondan dosye yo ka fè fas ak plis revizyon.
Ki lòt faktè yo konsidere?	Laj, Revni, Edikasyon, Konpetans, Anplwa, Sante, Afidavit Sipò, ak Sèten Pwogram Benefis	<u>Nenpòt</u> - Laj, Revni, Edikasyon, Konpetans, Travay, Sante, Afidavit Sipò, ak Pwogram Benefis, ak ofisye imigrasyon yo ka sèvi ak pwòp diskresyon yo pou konsidere lòt faktè tou.